ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№27 (22.435) ● 2013 гъэм мазаем (фэврэлым) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ льаПэр яфІэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЩІэныгъэ-гъэзджэныгъэ ІэнатІэм щаІэ фІыщІэм икІи щІэныгъэ льагъэ зиІэ Іэщ1агъэлІхэр зэрагъэхъэзырым папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ льаПэр яфІэщым

Анахаев Кошкинбай Назир и къуэм -Урысей Федерацэм МэкъумэщхозяйствэмкІэ и министерствэм и «КІуэкІуэ В.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессионально щІэныгъэ нэхъыщхьэ щ1агъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет ДжанПэм щІыналъэхэм я щІыуэпс Іуэхугъэмкі и факультетым гидротехникэ хуэныгъэхэмкІэ, мелиорацэмкІэ, псыкІэ кьызэгъэпэщыныкІэ и кафедрэм и профессорым

Иуан Анатолий БетІал и къуэм - «Бзэрбэгъ Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионально щІэныгъэ нэхъыщхьэ щ1агъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет ДжанПэм химиемкІэ и факультетым органическэ химиемрэ молекулэ льагъэ пкъыгъуэхэмкІэ и кафедрэм и профессорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм мазаем и 11-м
№22-УГ

Ди зэпыщІэныгъэхэм заубгъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Волгоград областымрэ зэрызэдэлажьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм Налшык къалэм Іэ щыщІадзауэ щытащ 2001 гъэм и щыщкьэІу мазэм. Абы льанцІэр зэгъэхьанымкІэ и зэпыщІэныгъэхэм заубгъу зэпыту йокІуэкІ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ ди республикэм и лЫкІуэ гуп аргуэру Волгоград областым щыІащ. Делегацэм нэхъыбэу хэтар хьэрычэтыщІэхэрщ. Аэр Волгоград областым и Правительствэм и унафэщІым и кьудэж Галушкин Василий епсэлъащ икІи щхьэж езыр здикІа Іуэхущ1апІэм и щытыкІэм щыгъуазэ ящІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лЫкІуэ Волгоград, Астрахань областхэм, Къалмыкъ Республикэм, Краснодар краймэ щыІэ Бжэныкі Хьусен кьиэзыдыкІамкІэ, а зэІущІэм кьрихьэлІащ Волгоград областым узышащъэр хьумэныкІэ, транспортымрэ гъуэгуэкмкІэ и министрхэр, «Волгофарм» къэрал предприятэ зэгуэтым, «АШАН», «РАДЕЖ» сату Іуэхущ1апІэ инхэм, «МАН», «Лента», «Окей», «Перекресток» зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр. Аэр Волгоград областым кьыщымынэу, зэрыщыту Урысей Ипщэми щынэхъ льэщ дыдэ сату Іуэхущ1апІэхэм хабжэ.

ЗэІущІэм щызэгурыІуащ а предприятэхэм ящыщ зыбжанэм зэрадзлажьэм зрагъэубгъуну. Волгоград щыщ сатуущхэм яфІэгъэщІэгъуну щыгъуазэ защІащ «Аван-Алко», «Аква-Кристалл» ООО-хэм кьыщІагъэкІ ерыскьыпхъэхэм, фадэм, псы зэмылІэужьыныгъэхэм. «Аква-Кристалл» ООО-м и продукцэм нэгъабэ Сочэ щекІуэкІа дунейпсо инвестицэ зэхуэсыщхьэм, Берлин щекІуэкІа «ЩхьэнтІагъэм и тхьэмахуэ-2013» дунейпсо гъэльэгъуэныгъэм я дыщэ медалхэр кьыхуагъэфэщащ.

Апхуэдэу зэІущІэм хэтэхэм гупылитэ хуащІащ «Икомилк» компание гупым (Налшык гъэш комбинатым) игъэхьэзыр гъэшхэкІхэм, «Ялэ фадэ» заводым щащІа фадэхэкІхэм, «Агро-Инвест» ООО-м и консервхэм, «Телемеханика» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам щагъэхьэзыра иджырей светофорхэм. Майр районым щыІэ «Севкавреттен-Д» заводым и рентген аппаратурэм, «Фарма Интернешнил» компани Россия-СНГ» ООО-м кьыщІигъэкІ хущъхьэхэкІхэм еплъа нэужь, Волгоград областым Узышащъэр хьумэныкІэ и министерствэм и лЫкІуэхэр КЪБР-м кьагъакІуэу дзпэкІэ зэрызэдэлажьэну щыкІэмкІэ зэпсэльэну траухащ.

КЪБР-м Экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныкІэ куэд яхуэзэфІэкІынущ

Президент программэм тету еджахэм я ассоциацэхэм я «Кавказ Ищхъэрэ» консорциумым хэтхэм я зэІущІэ иджыблагъэ Домбей кьыщыгъэнащІащ абыхэм я лэжьэныгъ GLZ изымащ зэгъэхьанымкІэ. ЗэІущІэм хэтащ Кисловодск къалэм конференцэ, Налшык къалэм «ХьэщІагъэ зыхъль Кавказ» фестиваль щегъэжьуэкІынымкІэ жэрдэмщІакІуэ гупхэмрэ кьызэгъэпэщакІуэ комитетхэмрэ хэтхэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу абы щыІащ УнафэщІ кадрхэр гъэхьэзырынымкІэ щІыналъэ комиссэм жуаІэ зыхь и секретарь Щоджэн Заирэтрэ Президент программэм тету еджахэм я «Алый» ассоциацэм и президент Щад Залинэрэ. ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ консорциумым ящыкІэ иІыхэм зэфІигъэкІа-хэм, апхуэдэу 2013 гъэм кьапэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэм.

GLZ зэгухьэныгъэм Москва дэт и проект бюром и унафэщІ Богданов Владимиррэ эксперт Сучтовэ Анэнэрэ консорциумым и Іуэху зыІутхэм кІэщІу тепсэлыхьри, зэІущІэм хэтахэм я пащхьэ къачІэхьащ дзжьаКІуэ гупхэм кьапэщыт Іуэху нэхъыщхьэхэр. Щапхъэ пыухыкІахэр кьагъэлъагъуэурэ, абыхэм зэпкърахащ Кисловодск щекІуэкІыну конференцымрэ Налшык кьыщызэрагъэпэщыну «Хьэщ1агъэ зыхэль Кавказ» фестивалымрэ зэрызыхуагъэхьэзырыну, зэрыраГъэкІуэкІыну щІыкІэм.

ЕтІуанэ махуэм зэІущІэм хэтахэр секІэ щхьэхуэхэм щыІэжьащ.

ЗэІущІэм кьрикІуахэм я гугъу ящыщым Щоджэн Заирэт кьыхигъэщхьэхуэкІащ «консорциумым и лэжьыгъэр зэгъэУІунымрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округыр унафэщІ лэжьакІуэ хьуну ІэщІагъэлІхэмкІэ кьызэрызэгъэпэщар кьэпщытыгъэмкІэ» абы мыхьэнэхъуэ зэриІэр. «Ди джкІэ Іуэху нэхъыщхьэр апхуэдэ зэІущІэхэм ди щІыналъэм и цІэр фІыкІэ зэрагъэІурщ, абы и лъэныкъуэкІэ Президент программэм тету еджахэм дзпэкІи куэд зэралэжьыфынурщ», - жиІащ абы.

Мы консорциумыр 2012 гъэм и гъатхэпэ мазэм кьызэрагъэпэщащ, Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм зегъэужьыным кьаруу зэманэ яІэ псори езыхьэлІэщ щыхухэмрэ организацэхэмрэ зыщІагъэкъуэнымрадкІэ. Абы хьхащ Дагьыстэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэщей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэр-Аланием, Ставрополь краймэ я щІыналъэ жьлагъуэ зэгугъэныгъэхэр.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

Къанокъуэ Арсен Интернетым напэкІуэцІ щІэуэ къыщызэІуихащ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и Іэтащхьэм инигъэкІуэкІ лэжьыгъэм дяпэкІэ щыгъуазэ зыщыфщІыфынущ «В контакте» социальнэ сетым. Апхуэдэ официальнэ напэкІуэцІ кьызэІунхьыну Къанокъуэ Арсен триухуауэ щытащ иджыблагъэ щІалэгъуалэм щаІущІам. Къэралым и вуз зэмылІэужьыгъуэхэм фІы дыдэу щеджэ студентхэм КЪБР-м и Іэтащхьэм и щэкІэ я гъэува стипендиехэр щратым щыгъуэ Къанокъуэ Арсен ахэр «В контакте» сетым щызэхуэзэну кьригъэблэгъауэ щытащ икІи и псалъэр игъэпэжащ. КЪБР-м и Іэтащхьэм и напэкІуэцІым и адресыр: http://vk.com/arsen kanokov.

«Дэ мы сетыр дэІэпыкьуэгъу кьытухуэхьу, хэт дэнэ щІыпІэ щыпсэуми, щеджэми, дызэрыпэжьыкьэр кьызэдэкІыу, гупсэхуу дызэпсэлъэныкІэ», - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

Фигу кьэдгъэкІыжынщ КЪБР-м и Іэтащхьэм апхуэдэу Интернетым видеоблог зэрыщІэр, Twitter, Facebook аккаунтхэр зэрыригъэжьыкІыр. «МониторингымкІэ лъэпкъ кьулыкъущІапІэм- кьызэзгъэпэжьмкІэ, и напэкІуэцІхэм кьеджэ щІыхуэзэ я бжыгъэмкІэ (мини 6-м нэбгырабгъэ) Къанокъуэ Арсен япэ ит щІыналъэ унафэщІ 20-м яхэтщ.

ПІальэм къыпащэну къыхелъхьэ

ЦІыхуэхэм я псэупІэхэр я уней мылъку щІыным теухуа лэжьыгъэр илъэс 20-м нэблагъэу щокІуэкІ ди къэралым.

А дэфтархэр пщІэ щІамыту зэфІагъэхьэну щыхуит зэманыр мы гъэм гъатхэпэм и 1-м еух. Абы и ужьКІэ а Іуэхутхьебзэм хабзэкІэ пэкІуэ уасэр ятын хуей хьуну яГъэвуауэ щытащ.

УФ-м и Президент Путин Владимир жэрдэм кьыхилхьлъащ а пІалъэр иджыри илъэситІкІэ ягъэІэпхьэну. Абы и щхьэусыгъуэр а Іуэхур псоми и чэзум зэрызэфІамыгъэхьэфарщ. Кърал Думэрэ а Іуэхум хэпльэу арэзы техьэну ущыгугъ хьуну кьыщІэкІынущ, абы и Унафэщ1ым и кьудэж Неверов Сергей и псалъэхэм ятепщІыхьмэ. «ЦІыхуэхэм Іэмал ятын хуейщ къэрал Іуэхущ1апІэхэм щызэтримыхьэу, зэдауэ-зэущхьэ кьыхэмыкІыу приватизацэр зэфІагъэкІыну. Абы щхьэкІэ зэхуагъэу кьыдольытэ къэралым и унафэщІым кьыхилъхьа жэрдэмыр», - жиІащ абы.

Кьалэн нэхъыщхьэхэр кьыхигъэщу

США-м и президент Обамэ Барак Конгрессым кьыщыпсэльащ. Абы зэпкърихауэ и гугъу ящІащ къэралым щыІэ щытыкІэм, и къэхэм зэфІагъэкІыну кьапэщытхэм.

Мы гъэм къэрал кьулыкъущІапІэхэм гулытэ нэхъ зыхуащІыпхьэу абы кьиГъэлъэгъуа кьалэнхэм ящыщи экономикэм зегъэужьыныкІэ щІыхуэхэм дэжьыгъэ ІэнатІэ нэхъыбэ кьахуэзгъэпэщыныкІэ. Абыхэм какІэлъокІуэ Іэщэ зрагъэм, Іэпхъуэщапхъуэм ткІийуэ кІэльыпхъныр, щІыхуэхэм я узыншагъэр хьумэн ІэнатІэр егъэфІэкІуэныр. Къэрал щІыбэ политикэм и гугъу ящІым, Обамэ кьытеувыІащ я дзэхэр Афганистаным кьишыжыным, Иранымрэ КНДР-мрэ я ядернэ программэхэм, Сирием щыІэ щытыкІэм, нэгъуэщІхэми.

И зэран кьыдэмыкІауэ пІэрэ?

Корее Ищхъэрэм ядернэ Іэщэ зэрыщагъэунэхуам и зэран ди къэралым кьемыкІауэ пІэрэ? Псом янэу араш ди щІыхуэхэр зыщІэзэущІар, абы и хьыбар зэхаха нэужь.

Приморскэ краймэ, зи гугъу напкъхэхэр КНДР-м нэхъ пэгъунэгъуэм, и МЧС-м къыдэритамкІэ, щІыуэпсым и радиацэ щытыкІэм зихьужьакъым. Апхуэдэу щытми, щІыуэпсым и щытыкІэр сыхьэт къэс кьапщытэ. ЗэщІагъэлІхэм къызэраГъэтмкІэ, щІыхуэхэм зэран яхуэхъун гуэр абы зэкІэ кьыхьыхьакъым, ауэ «Быдэ и анэ гъыркъым» жьхуаІэм хуэдэу, щытыкІэр я нэІэм щІэтщ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 14, *махуэку*

t ЗэгуэкІуахэм я дунейпсо махуэщ

t 1943 гъэм советыдзэхэм Дон Іус Ростов кьалэр нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм кьыЗэщІагъэкІыжащ. 2008 гъэ льандэрэ абы «Зауэ щІыхьым и кьалэ» щІэр зэрехъ.

t Мазаем и 14 - 17-хэм Москва щекІуэкІынущ Урысейм и сайбий дохутырхэм я XVII съездыр. Абы хэтыну ирагъэблэгащ нэгъуэщІ кьэралхэм щыщ Іэщ1агъэлІ цІэрыІуэхэри.

t Кавказым и тхыдэдж, адыгэхэм кьудэр ятетхьыха генерал-лейтенант **Потто Василий** кьызэралъхьуэ ильэси 177-рэ ирокІу.

t Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, 1997-2000 гъэхэм ДАХ-м и тхьэмадзу щыта **Акъбашэ Борис** кьызэралъхьуэ ильэс 81-рэ ирокІу.

t Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КБКБУ-м и профессор **Батыр Умар** и ныбжьыр ильэс 59-рэ ирокІу.

t КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Къардэн Марин** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градусэ 3 - 5, жэщым 1 - 2 щыхьэнущ.

Мазаем и 15, *мэрем*

t Льиих узыр зэуэлІа сабийхэм я дунейпсо махуэщ. Сабийхэм я Іуэху онкологхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и нэІэм щІэту ирагъэкІуэкІ 2003 гъэм щыщІэдзауэ.

t Правительствэр связкІэ кьызэзыгъэпэщ дзэхэм я махуэщ и 1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр кьызэрагъэпэщащ.

t Мазаем и 15 - 16-хэм Москва щызэхэтынущ «Къэрал 20 зыхьыкІэ гуп» зэгухьэныгъэм хэтхэм финансхэмкІэ и министрхэмрэ Банк нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэмрэ я сессие.

t Адыгэ суратыщІ-скульптор **Кьалмыкь Фёдор** кьызэрахьуэрэ ильэс 81-рэ ирокІу.

t КЪБР-м промышленностымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Атэлыкь Анатолэ** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокІу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 4, жэщым 0 - 1 щыхьэнущ.

Зыгъэхъэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Марин.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гъунэгъу бий ящІыркъым.

● АПК

Адрей илъэсхэм йофІэкІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэщыщІэхэм кьызэрымыкІуэу нартыху бав - тонн мин 600-м нэблагъэ - нэгъабэ кьыдачыжащ. Ар и пэ ита илъэсым елъытауэ процент 44-кІэ нэхъыбэщ. Дэтхэнэ гектарми ику иту центнер 55,6-рэ кьытрахащ. Ари ди щІыналъэм нэхъапэм зэи кьыщымыхьащ.

НАРТЫХУ гъавапхъэри хэту, мэкъумэшхэкІыу тонн мин 817,5-рэ е 2011 гъэм елъытауэ проценти 10,5-кІэ нэхъыбэ кьрахьэлІэжащ. Апхуэдэ екъулІэныгъэ республикэм зэи иІакъым.

Іэщ1агъэлІхэм кьызэральытэмкІэ, ар кьрикІуащ нартыхугъэкІхэм дунейр кьаззрехьулІам, жылапхъэфІхэр зэрызасам, кьэкІыгъэхэр зэрахьымэ Іэмал гъэунэхуахэр, иджырей мэкъумэш техникэр кьызэрагъэсэбэпам, щІыгъэпшэрхэмкІэ зэрегугъуам.

Нартыхур Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьэкІыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Ар щызэрахьэ хьэсэхэм гъэ кІуам процент 30-кІэ хэхъуащ, иджы абы гектар мини 107-м щІигъу еубыд.

Къэралым республикэм и мэкъумэшыщІэхэм хьарзынэу закъыщІегъакъуэ. Нартыху гибридхэри хэту, жылапхъэфІхэр кьэгъэкІыным бюджет мыльку сом мелуан 40,5-рэ нэгъабэ хухахащ.

КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Аруан щІыналъэ

ЯдэІэпыкъуну къегъэгугъэ

КЪБР-м спортымрэ туризмэрэмкІэ и министр АфІэунэ Аслъэн лэжьыгъэ Іуэхукі Аруан районым кІуащ.

НАРТКЪАЛЭ спорт школым и лэжьыгъэм щыгъуазэ зищІа нэужь, ар кьалэм дэт лицейм №1-м мини-футболымкІэ щрагъэкІуэкІа куейпсо зэхьэзэхуэмрэ спорт школым бэнэкІэ хуитымкІэ щекІуэкІ дерсхэмрэ еплъащ. Абы и уэкъкІэ министрыр щыІащ Псыгуэнсу, Къэрэкъуэн щхьажэхэм спортым щыхуагъасэу дэт унэхэм. ЗэІущІыІу имыщІу АфІэунэм мы щІыпІэхэр кьызэхикІухьащ, махуэ кьэкІ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэ кьызэрыгуэкІхэр и нэкІэ зригъэлъагъуэн мурадкІэ. Министрым жиІащ Аруан щІыналъэм спортым зыужьыныгъэшхуэ зэрыщитуэтар икІи абы папщІэ куэд уиафэщІхэм фІыщІэ зэрахуэфащэр.

АфІэунэм Нарткъалэрэ Къэхъунрэ дэт спорт школхэм тыгъэ яхуищІыну кьигъэгугъащ щызэбэн аІэрыбгъущІэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Налшык

ТекІуэныгъэ Иным ирихьэлІэу

Налшык къалэ администрацэм кьыщызэрагъэпэщащ «Фэеплым и блын» хэкупсэ акцэм зыхуэгъэхьэзырым елэжьыну штаб щызэхуэ.

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум ехьэлІа мы Іуэхугъуэм ипкъ иткІа, зауэм теухуа тхыгъэхэр зэхуахьэсын щІадзащ.

Акцэр егъэкІуэкІынымкІэ жуаІэ зыхь, Налшык къалэ администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхухэмрэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и кьудамэм щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, «Фэеплым и блынир» интернетым щагъэлэжьэну хьыбарегъащІэ порталщ. Абы иралъхьнущ зауэм хэтахэм, зэхэуэ гуащІэхэр щекІуэкІа щІыпІэхэм ятеуху хьыбархэмрэ гукъэкІыжхэмрэ.

КьызэгъэпэщакІуэхэм налшыкдэсэхэр кьыхураджэ мы Іуэхум жыджэру хэтыну. Абы пащІэ зауэ лъэхъэнэм трахауэ унагъуэхэм щахъумэ сурэтыжьхэр, письмохэр, зауэм хэтахэм я дэфтэрхэр, а лъэхъэнэм Іэнатіэ гугъу пэрытахэм ятеуху тхыгъэхэр ирахьэлІэн хуейщ «Фэеплым и блын» акцэр кьызэзыгъэпэщахэм я дежь. Аэр электроннэ мардэм тету хьыбарегъащІэ порталым иралъхьнущ.

Зи гугъу тщІы штабыр кьалэ администрацэм и унэм щыІэщ: КІыщокъуэм и уэрэд, 70-ан нэсыр. Фызыщ1эупщІэн щыІэмэ, мы телефонхэмкІэ кьызэгъэпэщакІуэхэм запыфщІэ хъунущ: 47-46-96, 42-27-68. Іуэхур зыхуэнэтІар ди къэралыр хуит кьэзыщІыжа зауэлІ хахуэхэм ятеуху а хьыбархэм кьыдэкІуэтей щІэблэр щыгъэгъуэзэнырщ, абыхэм я фІыщІэмрэ щІыкІымрэ хьумэныщ.

Акцэр 2015 гъэм и накъыгъэ мазэм нэсыку екІуэкІынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● КЪБР-м и Пенсэ фондым

Мазаем щІыпІэхэм зэрыщылэжьэнур

ЦІЫХУХЭМ яГуэт Іуэхутхьебзэхэм я фІагъым хэгъэхьэным тещІыхьа программэм зэрыщыгубзыхуам тету, лэжьыгъэм сыткІи хуэгъэпса «ГАЗель» автобус цІыкІум хуэдэ КЪБР-м и Пенсэ фондым кьыхухэгъэкІуащ. Тыншу икІи хуиту абы пенсионерхэм щадэлажьэфынущ. Фондым ІуэхутхьебзэхэмкІэ и Іуэхущ1агъэлІхэм зэуэ ящІыхуит ирагъэблагъэфынущ, чэнджэщ щахуетынущ, зыхуей кьыбархэм щыхагъэгъуэзэфынущ. Технологие льагъэм хуэщІа «ГАЗель»-м щІыгъущ связыр тэмэму кьызэзыгъэпэщ антеннэр щагъэувэ гу щыкІу. И кІуэщІым итщ щэнтиуэ, зэхуэгупэ тІысыпІитІ зиІэ стОлрэ мониторхэмрэ. ЩІыпІэхэм зэрыщылэжьэнум тэмэму зыхуагъэхьэзырым, щыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэ чэнджэщэхэр зрагъэщІэн папщІэ, аэр сэбэпышхуэ мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пенсэ фондым и кьудамэр республикэм и жылагъуэхэмрэ районхэмрэ я унафэщІхэм жьыджэру ядолажь, Іэщ1агъэлІхэр зэдэлэужьмрэ щыкІэну пІалъэмрэ зэуфуу яГъэхьэзыр. Дызэрыт мазэм ар зыхуэдэнум фыщІодгъэзэгъуэ:

Прохладнэ куей

Приближнэ станицэ - мазаем и 20-м.
Екатериноградскэ кьуажэ - мазаем и 20-м.
Красносельскэ кьуажэ - мазаем и 27-м.
Заречнэ кьуажэ - мазаем и 27-м.

Шэджэм куей

Звезднэ поселкэ - мазаем и 15-м.
Яныкьуей кьуажэ - мазаем и 22-м.
Каменкэ кьуажэ - мазаем и 22-м.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Футбол

«Спартак-Налшыкыр» Кипрым щытокІуэ

ФУТБОЛ Лъэпкъ Лигэм и кубокыр кьэхьыным теухуауэ Кипрым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и етІуанэ зэІущІэм «Спартак-Налшыкыр» щытекІуащ.

Дыгъуасэ ди щІалэхэм Волгоград и «Ротор»-р 1:0-у хаГъэщІащ. Топ закъуэр дзэзыгъэкІар Колумбием кьраш «Спартак-Налшыкым» кьыхагъэхьа Руащ.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІамрэ джэгуГуитІым яужькІэ гуп зэпеуэм и турнир таблицэм игуэта теплъэмрэ ятеуху тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Республикэм исхэм гу зылъатапхъэ

«Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэм щІыхуэхэм щахуэзэ и жылагъуэ щІыналъэ Іуэхущ1апІэм и чэнджэщапІэ центрым щІыхуэхэр ирегъэблагъэ сабий зеинщэжэ, адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу кьэна сабийхэр зэрызэрашэлІэж хабзэхэм, апхуэдэ сабийхэр, сабий ныкъуэдыкъуэхэри ахэту, зэзышэлІэжахэм, зи жьауэм щІэтхэм хуагъэув льготэхэр зыхуэдэм щыгъуазэ ящІын папщІэ.

Мы Іуэхум пыщІа чэнджэщэхэр иратынущ 2013 гъэм мазаем и 22-м сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 17 хъуху.

Адресыр: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ №48.

Телефоныр: (8662) 77-00-40.

Экономикэ | Политикэ

Махуэ къу

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ

Сом 34-м нэсыну?

●Бензин

Ар щIехуэхьын щхьэусыгъуэ щыIэкъым. Сыт уасэхэр щIехуэхьынур? Ахэр Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэми щыпсокIуэ. ЩIыдагъэр нэхъ лъапIэ мэхъу, апхуэдэ дыдэу акцизхэми залэт - аращи, зы бензин литрым сом 36-рэ хуэзэу къыщIокI.

ЩIыдАГЪЭ куэду къыщIэзыш къэралым апхуэдизу ахъшэ бензин литрым щIытын щхьэ хуей? Урысейм Статистикэмкэ и къэрал комитетым къытым тепщIыхьэм, УФ-м курыт лэжьапIэр сом мин 23-рэ хуэдизу щохьу. Апхуэдэ улахуэ зыIэрыхьэ цIыхуэм 95-нэ лIэужыгъуэм щыщ гъэсынпытхьэкIэ ешым и ахъшэм машинэр игъэнщIын папщIэ сом 1500-м нэблагъэ итын хуейщ. ЗыгъэпсэхуГуэ мазхуэхэм машинэм умытыпсыкъэ, зы тхьэмахуэ зэхуакуКэ урикъунущ. АрщхьэкIэ узекIуэн хуей мэхъу щхьэусыгъуэ зэмылIэужыгъуэхэмкIэ. КIэщIу жьпIэмэ, бензиным зы мазэм тыдогъэкIуадэ сом мини 4 хуэдизу (е ди улахуэм и процент 17-р).

Ар куэд хьэмэрэ мащIэ? Зэдгъэпщэнти. Венесуэлэм, псальэм и хьэтрыкIэ, ди ахъшэм тещIыхьауэ бензин литрыр сомы 6 щиуасэу аращ. НэгъуэщIу жьпIэмэ, мазэм текIуадэр сом 1200-рэщ. Пэжщ, абы лэжьапIэр щыпинкъым - курыт улахуэр зэрыхьыр сом мин 15-щ. АрщхьэкIэ гъэсынпытхьэхэр пуду къыщыщIедз.

Европэм и къэралхэм ящыщу бензиныр Норвегием щынэхь лъапIэ - зы литрыр сом 82-рэ щиуасэщ! Ауэ курыт улахуэр сом мин 20 щыхьу къэралым ар щызыхуэпэрхьым!

США -ми бензиныр щынэхь пудщ ди деж нэхъ?! Абы зы литрым щыщIатыр сом 27-рэ хуэдизщ. НэгъуэщIу жьпIэмэ, сом мин нэблагъэ щIат бакъым изу зэ ирагъэхьэныж. АрщхьэкIэ улахуэщхьэ псори щIехьумэ.

Дыщэ дыдэщ

ЯПЭ щыкIэ зыгурыдгъэIуэн хуейщ бензин литрым и уасэр кьызэрэхьу щыкIэр.

Мыбы хохьэ щыдагъэр къыщIэшыным, гъэпэхуэным, щIэхуным текIуадэхэр. Ауэ нэхъыбэр здэкIуэр щIым кьыщIах, кьыщIаш къуеинтъхэм тралъхьэ налогъыр. Абы щIыгъуэ щIыдагъэмрэ щIыдагъэхэкIэмрэ къэралым зэрырашим щIат пошлинэхэр. ЖыгIэнраши, мис а налогхэрщ уасэхэр кьэзыIэтри.

- Налогхэр ди деж иджыпсту хуэдэу процент 65-м нэмысу, атIэ Америкэм щызекIуэ процент 15 - 20-м фIэмыкIамэ, ди деж гъэсыныпхьэм и уасэр процент 15 - 19-м щыфIэкIынутэкъым, - жеIэ Урысейм и Гъэсыныпхъэ зэгухьэныгъэм и президент Акрушэ Евгений. - АрщхьэкIэ къэралым и политикэр хуэунэтIауэ налогхэмкIэ уасэхэр нэхъыбэ щынным.

АтIэ сыт дэ США-м щапхъэ кьыптетхыу налогхэр процент 15 - 20-хэм нэсу кьыщIедмыгъэхьыфыр?

Ар уасэхэм теухуауэ къэралым иригъэкIуэкI политикэм щыщ Iыхьэщ. США-м а бжьыгъэр процент 15 щохьу. Европэм процентри 8. Акцизыр апхуэдизу хъун хуейуэ къэралым кьыпытэмэ, абы ар апхуэдизуэн егъэув. Акциз ахъшэхэр зэгъэщIылъэу щытын хуейр бюджетыр гъэнщIынырщ, - жеIэ Санкт-Петербург къэрал зэхуаку сату биржэм и унафэщIхэм ящыщ Строков Павел.

Ауэ «Верген Грут» консалтинг компаниемрэ Iэщ Iагъэ Гордеев Андрей мы Iуэхум и нэгъуэщIу йоплъ.

- Къэптэнщи, США-м мы IэнатIэм екъэлIа лэжьыгъэр щыгуэшащ. ЩIыдагъэр зыш кьыщIеш, абы елэжьыр нэгъуэщIщ. Ди деж кьыщыщIэзышхэр, щелэжьхэри, щызыщэхэри зы IэмышIэ кьыщихтащ.

Акцизхэм я уасэм хохьуэ 2010 гъэм кьыщыщIэдзауэ. Кьыщэтеувы Iэнуи кьыщIэкIынуркъым.

Абы кьыхэкIыу уасэхэм кIэрэкуну дэ дыщIыщIугъыи щIыкIэм. А псоми щIыбгъуж инфляцэм ульэщIэмыхьэну зэрыщIичар. Мис араш ди улахуэм и процент 17-р зэджIуэр? Ауэ ди деж бензиныр щынэхь пудщ Европэ псом нэхъыр, - ди гур фIы ещI Аркушэм.

Сыт кьыптэплъэр?

ИДЖЫБЛАГЪ энергетикэмкIэ министр Новак Александр жиIащ мы гъэм бензиным и уасэр процент 13-14 нэхъыр э нэхъыбэкIэ хэмыхьуэну. Псори и пIэ йоувэж. Акцизхэр процентри 7-кIэ нэхъ лъапIэ хъунущ, инфляцэм процентри 7-кIэ зричынущ. Мыбы зы гъэщIэгъуэн гуэри хэлъкъым.

- ЩIышылэм бензиныр зы процентKIэ нэхъ лъапIэ хъуащ. Хуэбгъэфащэ хъунущ абы и уасэхэм кьыкIэлыкIуэ мазэхэми апхуэдэ щыкIэкIэ захъуэжьыж. Абы тепщIыхьмэ, гъэм и кIэм бензин литрыр ику иту сом 34,5-рэ хуэдизу и уасэну кьыщIэкIынущ, - хуегъэфащэ Строков Павел.

- ЩыгъуасIэм зимахьуэжмэ (эз ди гуГуэ сщIыр щIыдагъэ кьыщIэзыш кьэралхэм зыгурэхэр кьыщIмыкьыужмэщ), гъэсныпхъэм и уасэхэр нэгъабэ зэрыщIатуэ кьэнэжьнущ, - апхуэдэу кьелытэ Урысей гъэсныпхъэ зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ директор Сергиенко Григорий. - Псори зыгтеухуэжар акцизхэрщ. Абыхэм я уасэр кьаIэтыну я мурадщ нэгъабэрэм хуэдизкIэ. Абы щIыгъуэкщ инфляцэрщ. ЭнергетикэмкIэ министрым бензиным и уасэну хуигъэфощар пэжу кьыщIэкIынущ.

Мис а процент 13 - 14-р ахъшэхэм хуэбгъаркIуэмэ, зы литрым сом 34-рэ и уасэ мэхъу. Уасэхэр Норвегием щызекIуэм хуэдэкъым, арщхьэкIэ Венесуэлэми пэжкьыкъущ. Аращи, ди улахуэм и Iыхьэшхэр, нэхъапэм хуэдэу, бензиным ишхынущ.

Пэжщ. Бензиныр лъапIэ зэрыхьуэну тегуэзэвыхьын хуейр руль зыIыгъэм я закъуэкъым. Бензиныр лъапIэмэ, адрей псоми я уасэм хэхъэнущ.

ЧЕРНЯК Маринэ.
«Комсомольская правда».

ЗыкъыпщIагъакъуэмэ, уэрэ пщхьэщокI

●Псапэ

Осетие Ищхъэрэм щыщ ныбжьыщIэхэм Сабиф сымаджэхэм ахъшэ хуэзэхуахьэщащ.

МАХУИ 4-м кьрыубыдэу сом мелуани 4-рэ мин 500-рэ Владикавказ щыпсэухэм кьыхэзыхыжащ Гаджиновэ Iинэ щхьэкIэ.

Мы зэманым абы кьыщоIэзэ Германием и клиникэм. Ауэ хьыджэбзыр псэужьынытэкъым, гу хьэлэл зиIэхэр мыхъуамэ.

Уунэхъунумэ куэдрэ? Нэгъабэ и щыщхьэIуи Янэ и ныбэр зэрэ хуабжьу кьыхэзгъэзыкIащ. ИужькIэ узыр тхьэм Iуэхуу щIащ, Абы и дежи кьыщIыувыIакъым: сихьэт зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, и лъакъуитIри кьыщIэмыувэж хъуащ. А зэманым школыр кьнухэрэ зыуэ зт экзаменхэми фIы дыдэу гъэпсыщауэ апхуэдэт. Янэ щIагъэтIысхьат и тхьилъхэр зрита еджанIэ нэхъыщIхъэ псоми. Ауэ ихэдэну хунэсакьым. Зыри кьымыкIыу, пIалъэ кIыхькIэ кьеIэзэ нужь, хьыджэбзыр МЧС-м и кхъухьтыатэкIэ Москва нагъэсащ. Ар мазэм нэскIэ щIэлъащ Урысейм Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ и академием Педиатриемкэ и центрым. АрщхьэкIэ ягъэхъужьыфакъым. Арати, и адэанэм Германием яIэн хуей хъуащ. Абы кьыщIжраIащ щыху мелуан кьэс зым фIэкIа кьыхэзгъэкIуэ уз шыпагъэ дыдэр кьыхэзгъэуэлIар. Мыбы тхьэмахуэ зэхуакуищкIэ щызэбгъэзэжьыну ме-луаниищ текIуадэрэт.

- Доухутыхрэм кьыжьраIащ зраГъэфыхъэ зэрымыхъунур: хьыджэбзыр лIэнкIэ е псэ-ухукIэ ныкъуэдыкIуэу къэнэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Абы ирихьэлIэу Янэ нэхъ сымаджэ хьэпъэ хъуащ, и ныбжьыфынутэкъым. Клиникэм кьыщIэнэн папщIэ, ахъшэ ятын хуейт. Гаджиновэ мыгъкущхуэ ябгъэдэлтэкъым, - кьыгуэтэж Янэ кьеГъэлыным щIэбэнахэм ящыщ, Сабиф хэм ядэIэпыкъунымкIэ урысей фондым и осетие ищхъэрэ кьудамэм и унафэщI Сагеевэ Мадинэ.

Апхуэдэу щыхъуэм, Янэ и шыпхъу нэхъыжьым Интернеткъ и гъыгъэхуэм захуигъэзащ, сымаджэм и гугъу яхунщащ, и сурэтымрэ трагъэщыта видеомрэ (Янэ дахэу уэрэд жеIэ) ирилъхьащ. ЦIыхуэхэм ахъшэ кьыхуагъэхьу щIадзащ. Iуэхур щIэхуэбжьащ хъыджэбзым дэIэпыкъунымкIэ хуэгъэзэ лъэIур интернет-ресурс щIэрыIуэ дыдэмрэ республикэм псоми кьыщащIыху блогер Салбиев Аланрэ и сайтымрэ ихуа нужь. «Сэ си фIэщ мэхъу фIы тщIэн папщIэ гу хьэпэд диIэн фIэкIа дыдэрэ хуэмейр. Дэ ди закъуэщ хьыджэбзыр къезыгъэлыфынур! Зы сом фIэкIа кьыхэзмылъхьэмэ, ар фэ псапэ фхуэхьунущ», - кьыхуриджэрт Алан.

- Iуэхум цIыху куэд кьыхуахьащ. Алан хэт сыт хуэдиз ахъшэ кьыхихьажми сайтым кьыщигъэльагъуэу хуежьа нужь, Iуэхур зэпеуэм хуэкIуащ. Дэтхэнэ рэхуейт кьыхэжанэкIынущ, - игу кьеГъэкIыж Сагеевэ Мадинэ.

Абы кьыдэкIуэу осетин антиквар, тхыдэдж икIи блогер цIэрыIуэм езым и сайтым псапащIэ аукцион кьыщIэзэIунхащ, абы ахъшэжьхэр, Владикавказ и щIыпIэ дахэхэм траха суэрхэр ирилъхьри. Абы кьришэлIащ нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщхэри. Куэдым тельыджкэ ящыхъущ Самарэ щыщ Дмитрий и цIыхуфIагъыр: абы япэ щIыкIэ сом минищ, нужькIэ мелуан кьригъэхьащ.

Iуэхур щекIуэжьым къащIащ республикэм сымаджэ хьэпъэу сабиищ зэрыщIэр - Караевэ Камиллэ, Бекоев Боря, Фидаров Давид сымэ. Абыхэм ахъшэшхэр зытекIуэдэну операцэ пIалъэ кIэщI дыдэм кьыщIтIасэу хуащIын хуейт. Апхуэдэу цIыхуэм, Алан зэхуэблащ «Ахъшэ жьгъейуэ зы мелуан» Iуэхур. Абы теухуа хьыбарегъащIэхэр Владикавказ и щIыпIэ псомэ щыфIалъхьащ, блогхэм ирилъхьащ, газетхэм кьытрадзащ: «Фи мыгугъ фэ ззфIэкI фимыIэу! -Ахъшэ жьгъейуэ зы мелуан- псалъэхэр зытетха тхьылъымпIэ пхъантэ щыкIум ивдзэ, дэтхэнэ сомри дэ сэбэн кьытхуэхъунущ. Фи жьпхэм фиIэбэ, фи сумкэхэм фыдэпIъэ. Жьгъей фымыIыгъыу пIэрэ? Дызэгъусэмэ, дэ дадэIэпыкъуфынущ. Ахъшэ кьыхэофIхъэр фIэкIыпIэ имыIэу клиникэм едгъэхьынущ. Фи Iуэху фIы ирикIуэI-Алан жьыжьэрыпIъэу кьыщIэкIащ: дэтхэнэ школаIкIуэми, студентми ахъшэ жьгъей иIэщ. Зы махуэм зы щIыпIэ и дежи псори щIыхэхуэсу жьгъейкIэ хальхьэну зэгурыIуащ. Куэдым апхуэдэун ящIащ.

- Зи лъакъуэхэр саркомэ хъуа Бекоев Боря и классэгъуэхэр Iуэхум нэхъ куужу хьыхащ: ахэр кьалэм дэтащ ахъшэ зэхуэхьэсу. Сабиифхэр пхузэтеубыдэнутэкъым, - игу кьегъэкIыж Мадинэ.

- Адрей еджапIэхэми зыкьыщIагъэкъуащ. Республикэм и Правительствэм сом мелуанитI кьыхихльхьащ.

Зы тхьэмахуэ зэхуакум псори зэхэту сом мелуани 6-рэ мин 382-рэ 374-рэ кIэпIейкIэ 21-рэ зэхуахьэсащ. Абыхэм ящыщу сом мелуани 4-рэ мин 500-р Янэ Iыхьсащ. Гаджиновэ я ахъшэм сом мин 300 кьыхахри лъшх уз зыпкърыт Караевэ Камиллэ хуагъэхьащ. Арпуэрэ сом мин 300 нтIэситI зи ныбжь а хъыджэбзыр щIыкIым жьгъейуэ хуэзэхуахьэсащ. Правительствэм кьыбгъэдэкIыу сом мелуан иратащ Фидаров Давид. Бекоев Боря и гугъу тущIыпсэ, и классэгъуэхэм абы хуэзэхуахьэсащ жьгъей защIэу зы мелуан.

И унагъэр и гъуэгу, Янэ мы зэманым Германием щыIащ. И анэм телефонкIэ кьыджиIащ ныбафэкIэ теГъ хьыджэбзыр хуэмурэ зыкъыIэтыкъ зэрыхьыр. Дохутырхэм ар ирагъэсэж кьынкIухьыфу. Хьыджэбзым и адэ-анэм гъунапкъэншIэу фIыщIэ хуащI я пхъур кьегъэлынымкIэ кьадэдэIэпыкIуа псоми.

Караевэ Камиллэ папщIэ ахъшэ зэхуэхьэсыным хьыкащ ипэIуэкIэ зи гугъу тщIа фондыр. Ар зэфIэкIащ щыIыкIым и 30-м. Камиллэ и анэм кьыджиIащ:

- Сабиф сымаджэ хьэпъэ дыдащ. Урысейм и дохутырхэр тегушхуэркъым ар операцэ ящыну. Германием и дохутыр нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщ ШвайнщI Дитрих ар зэхуащ. Абы папщIэ сом мелуанрэ мин 450-рэ дыдуейщ. Дэри ди Iыхьлъхэми апхуэдизу ахъшэ дбгъэдэлтэхьэкIэ. ВыдэIэпыкъуа псоми фIыщIэкIуэ яхузощI.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Светланэ.
«Российская газета».

Мысыр

Зыщыгугъахэр къайхъулIакъым

Мубарак Хосни тезыхуа революцэр ильэситI щрикъум Мысырым (Iыгипетым) и президентыщIэ, исльамыр зи гъуазэ Мурси Мухьэмэд и кулыкъум текIыну къагъэзыну зыкъыIэтащ цIыху куэдым. Абыхэм я зэщIэхъеонытIэм псом хуэмыдэу зиубгъуащ нэгъабэ и мазаем къэхуа зэрыгъэхьэр зи ягъэу къаIыта футбол фанат 21-м я судыр уплIкIэ ящэ нужь. Iуэхуэм зи унафэ хэзымылъхьэжьыф президент Мурси и блигъэдэтхэм къыхуарджащ щытыкIэ тIкIий къэралым щигъэуфыну. Абы и жуаугу оппозицэр мэдалъэ революциущIэ иригъэжьэкIыну.

ЗЭКIэ щытыкIэ ткIий щагъэувар Порт-Саид, Суэц, Исмэхьил хэгъэугухэрщ. Ауэ президентым жиIащ « къэралым фIы кьэхъулIэн щхьэкIэ», хуей хьумэ, абдеж кьыщымыIыВыIэну.

Абы щыгъэуми Каир щызэпэщIэуващ пэкIум хэтхэмрэ полицэмрэ икIи цIыхухэр пщIы бжьыгъэкIэ хэкIуэдакIэщ. Тахир утым кIуащ правительствэм и политикэмкIэ мыварэзы псори.

Мурси ахэр кьыхуриджащ «зэпIэзэрыпытIэрэ шынагъуэшагъэрэ щыIэн папщIэ» зэпсэльэну. АрщхьэкIэ Мысырым нэхъ зэфIэкIыщхуэ щыIэ оппозицэ зэщIэхъеенытгъэр - Iыгъкъэр кьегъэлыныкIэ фронтыр - къэралым и Iэтащхьэм кьыхихльхьа жэрдэмым пэджэжьащ.

Мысырым и кьалащхьэм щекIуэкIхэм кьагъэлъэгъащ абыхэм я щхьэусыгъуэр футболистхэм зэрэщIыхьэр зэрырымырар: псори кьызыхэкIыр политикэ кризисыр нэхъ куу зэрыхьэрыр мы Iуэхум и Iэмышхэр политикэ кризисыр нэхъ куу зэрыхьэрыр мы Iуэхум и Iэмышхэр зэрыгъэкIуэну.

Исльамыр зи гъуазэхэм ягъэхьэзыра, нэгъабэ и дыгъэгъазэм референдумым къыщащта конституциущIэм президентым хуит ещI щытыкIэ ткIий игъэувану. АрщхьэкIэ оппозицэм жеIэ абыкIэ цIыхуэхэр зэтрамыбыдэфынуну. Къэнэжыр зы хэкIыпIэ зэкъуэу - политикэ реформэм иригъэжьэкIыныр. Абы папщIэ конституциущIэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэн, лъэпкъыр кьегъэлыныкIэ правительствэ кьыхэзрагъэпэщын хуейщ.

«Эхо планеты».

Урысейр «щIымахуэ» лъэхъэнэм техьэжьнукъым

●Унафэ

Дяпэкъэ сыт кьэхъуми, щIэх дыдэ ди деж щагъэIэпхьэнукъым сыхьэтыр.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ кьилъытащ зэкIэ сыхьэтыр кьепIуэнтIэкIыж мыхъуну.

- Правительствэм кьелытэ мы гъэм абы деГуэнэр мытгъэмэу, - жиIащ абы и Унафэщ Медведев Дмитрий. Абы игу кьигъэкIыжащ иужь илъэсищэм Урысейм зэманыр кьыхэзрыщабх хабзэм блэнéйрэ зэрызыщихьэжащ.

- Цыхуэхэм зэреупщIам кьрикIуаxэм ятепщIыкIэ, сыхьэтыр кьыпэкIуэтэжьынымрэ зэрыщIыту кьэгъэнэнымрэ я телъхьэу зэныкъуэкъуэхэр я бжьыгъэкIэ зэхуэдизщ.

КРИВЯКИНЭ Еленэ.
«Комсомольская правда».

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Къалэхэр

Лондон инджылыз къыщылъыхъуэ

Лондон щыпсэухэм я Iыхьэ тхуанэм и дежкIэ инджылыбзэр анэдэлхубзэкъым.

Iуэхур къызэрежьар

СтатистикэмкIэ лъэпкъ центрым иригъэкIуэкIа иджырей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Лондон и цIыхухэм я процент 22-р инджылызыбзэкIэ псалъэ-къым.

Дунейм и щIыпIэ куэдым иIэпхъукIэхэм Британием и кьалащхьэр хэщIапIэ ящырт империер лъэщ хъун зэрыщIидзэ лъандзэр. АрщхьэкIэ 2010 гъэр кьэсыху Лондон щыпсэухэм я нэхъыбэр лъэпкъкIэ инджылызу щытащ. Иджы мис 2011 гъэм цIыхухэр кьызэрыхатхыкIам кьрикIуаxэр; кьалэдэхэм я процент 45 кьудейрщ лъэпкъкIэ инджылызыр.

Абы щыгъуэми апхуэдэхэм хабжащ Африкэм, Индиеи, КъэнкIащIэ Гъунэгъуэм я кьэралхэм иIэпхъукIаxэм я бынхэу Британием и цIыхуэхэр. ЖыгIэнщи, Лондон кьащIалъхуа сабийхэм ящыщу «Мухьэмэд» цIэр зыфIащащхэр куэдкIэ нэхъыбэ хъуащ. Адрейхэр-щэ?

Инджылызым Iэпхъуаxэм ящыщу етIуанэ увыпIэр яIыгъщ полякхэм. Ахэр цIыху мин 529-рэ хъууэ кьаБжащ. Польшэр ЕС-м кьыхьа нэужь, кьэралым цIыху мин 800-м кьыщыщIэдзауэ мелуанрэ мин 500-рэ иIэпхъукIауэ кьалытэ. Куэдым здауэнэтIари Лондонрэ абы и Iэшэльашэхэмрэщ.

Ещанэ увыпIэр яIысащ Индиемрэ Пакистанымрэ икIаxэм.

НэгъуэщIыбзэкIэ псалъэхэм яхэбгъэхьэ хъунущ франджыхэр (мини 145-рэ), португалхэр(мини 131-рэ), испанхэр (мини 188-рэ), урысхэр (мин 90), литвахэр (мин 84-рэ), латышхэр (мин 31-рэ) «Хамэхэр» нэхъыбэу здэIэпхъуэр Инджылызыбзэр Уэльсымрэщ.

Зауэщхуами, Британием и властхэр апхуэдэ бжьыгъэхэм ягъэгужьеящ. Кьэралым щыпсэу цIыху мелуан 62-м щыщу дэтхэнэ еянэри хамэ щыIанЬхэм кьыщалъхуащ. Ахъшэшхэ трегъэкIуадэ Инджылызым нэгъуэщI щыIалъхэм кьикI я бжьамыгъэкIуэным, а кьэралым щагъэщтэным. Властхэр щошынэ Болгариемрэ Румыниемрэ икIыу яхуэжьуэхэр нэхъыбэ хъуным.

Инджылыз щыдэхэм кьафIыуэжу ягъэувыпIэ Европэм икIа школаIкIуэхэр куэдкIэ нэхъыбэ йоджэ езыхэм я щIэблэм нэхърэ.

КIэщIу жьпIэм, илъэси 5 - 10 дэкIмэ, Лондон, нэхъапэхэми хуэдэу, тыншу инджылызыбзэкIэ зущыпсэльэфынущ. Ауэ абы нэхъ хуэшэрыуэнур Мицкевич Iэдэмрэ Генкевич Генрикрэ я бзэр зыгурыIуэхэр арагъэнущ. «Инджылыз дыдэхэм» я дежкIэ мы зэманым нэхъыщIыхэр нэгъуэщIхэр зэхэщIыкIынымрэ демократиемрэщ.

Уэрэдыр-щэ? Ахэр Лондон куэду зэрыIэпхъуэм теухуа хъыбархэр я илъэс зыкъом хуэдизу зэхьдох. КьызэрыщIэкIамкIэ, Индиелъыз и кьалащхьэм зэпымыIуэу щыпсэур цIыху мин плIыщIи хъуркъым. Абыхэм кьадэкIуэу цIыху мини 100 - 300 хуэдизу Урысейм рэ Индиелъыз щIалъэ-пIалъэкIэрэ щопсэу. ЗыщыдгъэгъупщэнкъыМ СССР-у щытам и щыху псори Инджылызым «урысхэу» кьызэрыщалытэр.

КРАСНОВ Никитэ.
«Российская газета».

Давос кьалэм иджыблагъэ щекIуэкIа Дунейпсо экономикэ форумым и къызэгъэпэщакIуэ Шваб Клаусрэ Дунейпсо валютэ фондым и Iэтащхьэ Лагард Кристинрэ щогугъ Европэм и Iуэхухэр мы гъэм, тIэкIыкIэ нэхъ мыхъуми, ефIэкIуэжьну. Апхуэдэу кьалытэ ЕщIагъэлIэжи.

Мазаем и 14-р Зэгуэкiуахэм я махуэщ

Фызэхуэпэжу, фызэрылъытэу фызэдэпсэу

А махуэр къыхахын хуей щIэхъуам хъыбар зыбжанэ иIащ.

ЦЫДЖАНЭМ - зи Iуэху зэхуэмыхъуу, гугъу ехьурэ кьэрГъуэгурыкIуэ лъэпкъым - я гуапэ ящIыжын я мурад хуэдэ, абы и зы хабзэжьым кьытрахауэ кьэзылъытэжри щыIащ. ЗэрыжьаIэмкIэ, ди деж я 14-нэ лIэщIыгъуэм, урым щIалэ ныбжьыщIэхэр я тхьэпалъэ Луперк (урымхэм бэвагъым и тхьэу кьалъытэу щытам) льаГъэIэсын е ар кьыхуагъэупсэн папщIэ, зы хьэгъуэлIгъуэ гъэщIегъуэн ирагъэкIуэкIырт. Хъыджэбз зи ищIэгъуэхэм я цIэхэр тхьэмпэ зырызым тратхэрти, зы чысэм иракIутэрт, щIалэхэри зырызурэ абы хагъэIэбэрт. Зи насыпкIуам а хъыджэбз зи ищIэгъуэхэм ящыщ зым и цIэр кьрихьырти, етIанэгъэ пщIондэ ахэр зэгъуэсну хуитт. ЗэгурыIуэрэ зэгуэкIуэмэ, зэрыщIэху, унагъуэ хъууэ кьыщIэкIынт, зэгурымыIуэрэ зэмыгуакIуэмэ - зэпыкIыжхэу.

Ауэ ди эрэм и 270-нэ илъэсым император Клавдий ЕтIуанэм (абы Клавдий зэлымкIи едэжэт), зэуэн хуей хъуьхъуГъэхэм унагъуэ ящI мыхъуну унафэ кьыдетэжкI, я бынунагъуэр ягу кьэкIыуэрэ фIыуэ мыхъуэзэфхэу жеIэри.

Тхъэм фIыуэ ильэгъуауэ, тхьэхуэфIу ябж цIыху Iущ Валентини я унафэр фIэигъуэджэгъи, идэртэжьым. Ауэ залымым дауэт зэрыныуэрыфынур! ЗэгуэкIуэхэр и деж ишэрти, щхэуу ныкъуэдыкIуэу къэнэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Абы ирихьэлIэу Янэ нэхъ сымаджэ хьэпъэ хъуащ, и ныбжьыфынутэкъым. Клиникэм кьыщIэнэн папщIэ, ахъшэ ятын хуейт. Гаджиновэ мыгъкущхуэ ябгъэдэлтэкъым, - кьыгуэтэж Янэ кьеГъэлыным щIэбэнахэм ящыщ, Сабиф хэм ядэIэпыкъунымкIэ урысей фондым и осетие ищхъэрэ кьудамэм и унафэщI Сагеевэ Мадинэ.

Апхуэдэу щыхъуэм, Янэ и шыпхъу нэхъыжьым Интернеткъ и гъыгъэхуэм захуигъэзащ, сымаджэм и гугъу яхунщащ, и сурэтымрэ трагъэщыта видеомрэ (Янэ дахэу уэрэд жеIэ) ирилъхьащ. ЦIыхуэхэм ахъшэ кьыхуагъэхьу щIадзащ. Iуэхур щIэхуэбжьащ хъыджэбзым дэIэпыкъунымкIэ хуэгъэзэ лъэIур интернет-ресурс щIэрыIуэ дыдэмрэ республикэм псоми кьыщащIыху блогер Салбиев Аланрэ и сайтымрэ ихуа нужь. «Сэ си фIэщ мэхъу фIы тщIэн папщIэ гу хьэпэд диIэн фIэкIа дыдэрэ хуэмейр. Дэ ди закъуэщ хьыджэбзыр къезыгъэлыфынур! Зы сом фIэкIа кьыхэзмылъхьэмэ, ар фэ псапэ фхуэхьунущ», - кьыхуриджэрт Алан.

- Iуэхум цIыху куэд кьыхуахьащ. Алан хэт сыт хуэдиз ахъшэ кьыхихьажми сайтым кьыщигъэльагъуэу хуежьа нужь, Iуэхур зэпеуэм хуэкIуащ. Дэтхэнэ рэхуейт кьыхэжанэкIынущ, - игу кьегъэкIыж Сагеевэ Мадинэ.

Абы кьыдэкIуэу осетин антиквар, тхыдэдж икIи блогер цIэрыIуэм езым и сайтым псапащIэ аукцион кьыщIэзэIунхащ, абы ахъшэжьхэр, Владикавказ и щIыпIэ дахэхэм траха суэрхэр ирилъхьри. Абы кьришэлIащ нэгъуэщI щIыналъэхэм ящыщхэри. Куэдым тельыджкэ ящыхъущ Самарэ щыщ Дмитрий и цIыхуфIагъыр: абы япэ щIыкIэ сом минищ, нужькIэ мелуан кьригъэхьащ.

Iуэхур щекIуэжьым къащIащ республикэм сымаджэ хьэпъэу сабиищ зэрыщIэр - Караевэ Камиллэ, Бекоев Боря, Фидаров Давид сымэ. Абыхэм ахъшэшхэр зытекIуэдэну операцэ пIалъэ кIэщI дыдэм кьыщIтIасэу хуащIын хуейт. Апхуэдэу цIыхуэм, Алан зэхуэблащ «Ахъшэ жьгъейуэ зы мелуан» Iуэхур. Абы теухуа хъыбарегъащIэхэр Владикавказ и щIыпIэ псомэ щыфIалъхьащ, блогхэм ирилъхьащ, газетхэм кьытрадзащ: «Фи мыгугъ фэ ззфIэкI фимыIэу! -Ахъшэ жьгъейуэ зы мелуан- псалъэхэр зытетха тхьылъымпIэ пхъантэ щыкIум ивдзэ, дэтхэнэ сомри дэ сэбэн кьытхуэхъунущ. Фи жьпхэм фиIэбэ, фи сумкэхэм фыдэпIъэ. Жьгъей фымыIыгъыу пIэрэ? Дызэгъусэмэ, дэ дадэIэпыкъуфынущ. Ахъшэ кьыхэофIхъэр фIэкIыпIэ имыIэу клиникэм едгъэхьынущ. Фи Iуэху фIы ирикIуэI-Алан жьыжьэрыпIъэу кьыщIэкIащ: дэтхэнэ школаIкIуэми, студентми ахъшэ жьгъей иIэщ. Зы махуэм зы щIыпIэ и дежи псори щIыхэхуэсу жьгъейкIэ хальхьэну зэгурыIуащ. Куэдым апхуэдэун ящIащ.

- Зи лъакъуэхэр саркомэ хъуа Бекоев Боря и классэгъуэхэр Iуэхум нэхъ куужу хьыхащ: ахэр кьалэм дэтащ ахъшэ зэхуэхьэсу. Сабиифхэр пхузэтеубыдэнутэкъым, - игу кьегъэкIыж Мадинэ.

- Адрей еджапIэхэми зыкьыщIагъэкъуащ. Республикэм и Правительствэм сом мелуанитI кьыхихльхьащ.

Зы тхьэмахуэ зэхуакум псори зэхэту сом мелуани 6-рэ мин 382-рэ 374-рэ кIэпIейкIэ 21-рэ зэхуахьэсащ. Абыхэм ящыщу сом мелуани 4-рэ мин 500-р Янэ Iыхьсащ. Гаджиновэ я ахъшэм сом мин 300 кьыхахри лъшх уз зыпкърыт Караевэ Камиллэ хуагъэхьащ. Арпуэрэ сом мин 300 нтIэситI зи ныбжь а хъыджэбзыр щIыкIым жьгъейуэ хуэзэхуахьэсащ. Правительствэм кьыбгъэдэкIыу сом мелуан иратащ Фидаров Давид. Бекоев Боря и гугъу тущIыпсэ, и классэгъуэхэм абы хуэзэхуахьэсащ жьгъей защIэу зы мелуан.

И унагъэр и гъуэгу, Янэ мы зэманым Германием щыIащ. И анэм телефонкIэ кьыджиIащ ныбафэкIэ теГъ хьыджэбзыр хуэмурэ зыкьыIэтыкъ зэрыхьыр. Дохутырхэм ар ирагъэсэж кьынкIухьыфу. Хьыджэбзым и адэ-анэм гъунапкъэншIэу фIыщIэ хуащI я пхъур кьегъэлынымкIэ кьадэдэIэпыкъуа псоми.

Караевэ Камиллэ папщIэ ахъшэ зэхуэхьэсыным хьыкащ ипэIуэкIэ зи гугъу тщIа фондыр. Ар зэфIэкIащ щыIыкIым и 30-м. Камиллэ и анэм кьыджиIащ:

- Сабиф сымаджэ хьэпъэ дыдащ. Урысейм и дохутырхэр тегушхуэркъым ар операцэ ящыну. Германием и дохутыр нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщ ШвайнщI Дитрих ар зэхуащ. Абы папщIэ сом мелуанрэ мин 450-рэ дыдуейщ. Дэри ди Iыхьлъхэми апхуэдизу ахъшэ дбгъэдэлтэхьэкIэ. ВыдэIэпыкъуа псоми фIыщIэкIуэ яхузощI.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Светланэ.
«Российская газета».

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

Лыгъэ

Свердловск областым къэрал дамыгъэ иратыну щагъэлъэгъуащ щкол автобусым и шофер Санников Андрей. А щIалэм къригъэлащ зэуэ сабий 12.

КАМЫШЕВЭ къуажэм и еджапIэм и волейбол командэм хэтхэр Черноусовэ кIуэрт абы щыщ я ныбжьэгъухэм топ ядэжгуну. Шоферымрэ егъэджакIуэ цIыхубзитIымрэ нэмышI, КАВЗ-м ист сабий 12. Жьлэм нэсыным километритху хуэдиз иIэжу автобусым кьыжьэхэзащ «ВАЗ-21099» автомашинэ псынщIэр. Санниковым хуэзфIэкI кьигъэнакъым зэрызэжьэхэуэнум и кьарур игъэмащIэн папщIэ.

- ЛIыгъэ гуэри зесхьауэ къэслъытэркъым, - жеIэ Андрей. - Си кьалэныр згъэзащIа къудейуэ аращ. Си Iэщагъэм фIыуэ зэрыхэсщIыкIым дыкъригъэлащ. ФIэкIыпIэ имыIэу дызэрызэхьэхэуэнур кьыщыгурыIуэм, си кьару псомкIи рулыр сIэнтIащ.

Гъэзу техьэн и пэкIэ, ар еплъащ еджакIуэхэр тIысыпIэхэм бгырыпхэмкIэ зэрытепхар. Абы и фIыгъэкIэ сабийхэм фэбжьышхуэ я

ЗАКОН Кабардино-Балкарской Республики

О внесении изменений в отдельные законодательные акты Кабардино-Балкарской Республики

Принят Парламентом Кабардино-Балкарской Республики 20 декабря 2012 года

Статья 1. Внести в Закон Кабардино-Балкарской Республики от 29 июня 2012 года № 48-РЗ «О выборах Главы Кабардино-Балкарской Республики» (Официальная Кабардино-Балкария, 2012, № 27) следующие изменения:

1. В статье 5:

1) в части 2 третье предложение изложить в следующей редакции: «Днем голосования на выборах Главы Кабардино-Балкарской Республики является второе воскресенье сентября года, в котором истекает срок его полномочий, а если срок полномочий истекает в год проведения выборов депутатов Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации очередного созыва, - день голосования на указанных выборах, за исключением случаев, предусмотренных пунктами 4 и 6 статьи 10 Федерального закона.»;

2) в части 4 слова «не позднее чем через шесть месяцев со дня такого досрочного прекращения полномочий» заменить словами «в ближайшее с учетом сроков назначения выборов, предусмотренных частью 2 настоящей статьи, второе воскресенье сентября после такого досрочного прекращения полномочий».

2. Статью 11 изложить в следующей редакции:

«Статья 11. Порядок формирования участковых избирательных комиссий

1. Для обеспечения процесса голосования избирателей и подсчета голосов избирателей на избирательных участках формируются участковые избирательные комиссии. На избирательных участках, образованных в соответствии с частью 2 настоящей 19 Федерального закона, участковые избирательные комиссии формируются территориальными комиссиями.

2. На избирательном участке, образованном на территории воинской части, расположенной в обособленной, удаленной от населенных пунктов местности, а также на избирательном участке, образованном в местах временного пребывания избирателей, участковая избирательная комиссия формируется территориальной избирательной комиссией из резерва составов участковых избирательных комиссий, предусмотренного частью 8 настоящей статьи, не позднее чем за 15 дней до дня голосования, а в исключительных случаях - не позднее дня, предшествующего дню голосования.

3. Срок полномочий участковой избирательной комиссии, сформированной в соответствии с частью 1 настоящей статьи, составляет пять лет. Срок полномочий участковой избирательной комиссии, сформированной в соответствии с частью 2 настоящей статьи, устанавливается сформировавшими ее комиссией либо должностным лицом, но не может истекать ранее чем через десять дней со дня официального опубликования результатов выборов, если в вышестоящую комиссию не поступили жалобы (заявления) на действия (бездействие) данной комиссии, в результате которых были нарушены порядок голосования и (или) порядок подсчета голосов, либо если по данным фактам не ведется судебное разбирательство. В случае обжалования итогов голосования на соответствующем избирательном участке полномочия такой участковой избирательной комиссии прекращаются со дня принятия вышестоящей комиссией решения либо со дня вступления в законную силу судебного решения по жалобе (заявлению). Полномочия участковой избирательной комиссии прекращаются досрочно решением территориальной избирательной комиссии в случае ликвидации избирательного участка в связи с уточнением перечня избирательных участков.

4. Число членов участковой избирательной комиссии с правом решающего голоса определяется формирующей ее территориальной избирательной комиссией в зависимости от числа избирателей, зарегистрированных на территории соответствующего избирательного участка, в следующих пределах:

1) до 1001 избирателя - 3-9 членов участковой избирательной комиссии;

2) от 1001 до 2001 избирателя - 7-12 членов участковой избирательной комиссии;

3) более 2000 избирателей - 7-16 членов участковой избирательной комиссии.

5. В случае совмещения дня голосования на выборах Главы Кабардино-Балкарской Республики с днем голосования на выборах и (или) референдумах иного уровня максимальное число членов участковой избирательной комиссии с правом решающего голоса, предусмотренное частью 4 настоящей статьи, может быть увеличено, но не более чем на четыре из резерва составов участковых избирательных комиссий на срок, установленный территориальной избирательной комиссией. При этом дополнительная оплата труда (вознаграждение) этих членов участковой избирательной комиссии и выплата им компенсации за период, в течение которого они были освобождены от основной работы, производятся за счет средств соответствующего бюджета.

6. Формирование участковой избирательной комиссии осуществляется на основе предложений, указанных в пункте 2 статьи 22 Федерального закона, а также предложений представительного органа муниципального образования, собраний избирателей по месту жительства, работы, службы, учебы. Количество вносимых предложений не ограничивается.

7. Срок приема предложений по составу участковой избирательной комиссии составляет 30 дней. Сообщение о формировании участковых избирательных комиссий и сроке приема предложений по кандидатурам в их состав подлежит опубликованию (обнародованию) до начала приема указанных предложений.

8. Территориальная избирательная комиссия обязана назначить не менее одной второй от общего числа членов участковой избирательной комиссии на основе поступивших предложений:

1) политических партий, выдвинувших федеральные списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в Государственной Думе Федерального Собрания Российской Федерации, а также политических партий, выдвинувших федеральные списки кандидатов, которым переданы депутатские мандаты в соответствии со статьей 82.1 Федерального закона «О выборах депутатов Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации»;

2) политических партий, выдвинувших списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в Парламенте Кабардино-Балкарской Республики, а также политических партий, выдвинувших списки кандидатов, которым переданы депутатские мандаты в соответствии с частью 6-1 статьи 66 Закона Кабардино-Балкарской Республики «О выборах депутатов Парламента Кабардино-Балкарской Республики»;

3) избирательных объединений, выдвинувших списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в представительном органе муниципального образования.

9. Кандидатуры, предложенные в состав участковой избирательной комиссии в соответствии с частью 6 настоящей статьи, но не назначенные членами комиссии, зачисляются в резерв составов участковых избирательных комиссий, который формируется Избирательной комиссией Кабардино-Балкарской Республики в порядке, установленном Центральной избирательной комиссией Российской Федерации.

10. Членам участковой избирательной комиссии с правом решающего голоса территориальная избирательная комиссия выдает удостоверения, форма которых устанавливается Центральной избирательной комиссией Российской Федерации.».

3. Часть 2 статьи 12 после слов «Федерального Собрания Российской Федерации» дополнить словами «(далее также - Совет Федерации)».

4. В статье 20:

1) часть 2 изложить в следующей редакции:

«2. Избирательные участки образуются по согласованию с соответствующей территориальной избирательной комиссией главой местной администрации муниципального района, городского округа либо командиром воинской части. В случаях, предусмотренных частью 4 настоящей статьи, избирательные участки образуются территориальной избирательной комиссией. Избирательные участки образуются сроком на пять лет с учетом местных и иных условий исходя из необходимости создания максимальных удобств для избирателей. Перечень избирательных участков и их границы подлежат уточнению в порядке, предусмотренном для их образования, в случае, если по данным регистрации (учета) избирателей число избирателей на участке превысит три тысячи сто, либо в случае нарушения части 3 статьи 19 Федерального закона. Перечень избирательных участков и их границы могут быть уточнены в указанном порядке в связи с изменением границ, преобразованием, упразднением муниципальных образований, уменьшением (до пятидесяти и менее) числа избирателей, зарегистрированных на территории избирательного участка.»;

2) в части 4 слова «в срок, установленный частью 2 настоящей статьи» заменить словами «на установленный его срок не позднее чем за 30 дней до дня голосования»;

3) в части 6 слова «границ и номеров» заменить словами «границ (если избирательный участок образован на части территории населенного пункта) либо наименование населенного пункта, перечня населенных пунктов (если избирательный участок образован на всей территории населенного пункта, нескольких населенных пунктов),» заменить словами «границ (если избирательный участок образован на части территории населенного пункта) либо перечня населенных пунктов (если избирательный участок образован на территориях одного или нескольких населенных пунктов), номеров,».

5. Дополнить статьей 27-1 следующего содержания:

«Статья 27-1. Представление кандидатом сведений о кандидатурах для наделения полномочиями члена Совета Федерации

1. При проведении выборов Главы Кабардино-Балкарской Республики одновременно с иными документами, необходимыми для регистрации кандидата, кандидат представляет в Избирательную комиссию Кабардино-Балкарской Республики в письменной форме следующие сведения о трех кандидатурах, отвечающих предусмотренным федеральным законом требованиям к кандидатам для наделения полномочиями члена Совета Федерации, одна из которых в случае отзыва представившего ее кандидата будет наделена полномочиями члена Совета Федерации - представителя от исполнительного органа государственной власти Кабардино-Балкарской Республики (далее - кандидатура для наделения полномочиями члена Совета Федерации):

1) фамилия, имя, отчество;

2) дата рождения;

3) наименование субъекта Российской Федерации, района, города, иного населенного пункта, где находится место жительства данного лица;

4) основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы - род занятий).

2. Одна и та же кандидатура для наделения полномочиями члена Совета Федерации может быть представлена только одним кандидатом. В случае, если одна и та же кандидатура для наделения полномочиями члена Совета Федерации оказалась представленной разными кандидатами, она считается представленной тем кандидатом, который представил ее раньше. Кандидат до регистрации вправе дополнительно предложить кандидатуру для наделения полномочиями члена Совета Федерации, если представленная им кандидатура оказалась ранее представлена иным кандидатом.

3. Кандидат одновременно со сведениями, указанными в части 1 настоящей статьи, представляет в Избирательную комиссию Кабардино-Балкарской Республики письменное заявление каждого из представленных им лиц о согласии этого лица на представление его в качестве кандидатуры для наделения полномочиями члена Совета Федерации с обязательством в случае наделения полномочиями члена Совета Федерации прекратить деятельность, несовместимую со статусом члена Совета Федерации. Указанное заявление отзыву не подлежит. В заявлении указываются следующие сведения о данном лице:

1) фамилия, имя, отчество;

2) дата и место рождения;

3) адрес места жительства, а также сведения об адресе места жительства в течение пяти лет, предшествующих дате составления заявления;

4) серия, номер и дата выдачи паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, наименование или код органа, выдавшего паспорт или документ, заменяющий паспорт гражданина;

5) гражданство;

6) основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы - род занятий), а также сведения о государственных должностях или должностях государственной гражданской службы соответствующего субъекта Российской Федерации, замещаемых в совокупности в течение пяти лет, предшествующих выдвижению кандидатом для наделения полномочиями члена Совета Федерации;

7) информация об отсутствии ограничений, препятствующих в соответствии с федеральным законом наделению полномочиями члена Совета Федерации.

4. Кандидатом вместе с заявлением, указанным в части 3 настоящей статьи, в Избирательную комиссию Кабардино-Балкарской Республики должны быть представлены копии документов, подтверждающих сведения, указанные в части 3 настоящей статьи.

5. В случае выбытия кандидатуры для наделения полномочиями члена Совета Федерации представителя от исполнительного органа государственной власти Кабардино-Балкарской Республики одновременно с иными документами, необходимыми для регистрации кандидата, кандидат представляет в Избирательную комиссию Кабардино-Балкарской Республики в письменной форме следующие сведения о трех кандидатурах, отвечающих предусмотренным федеральным законом требованиям к кандидатам для наделения полномочиями члена Совета Федерации, одна из которых в случае отзыва представившего ее кандидата будет наделена полномочиями члена Совета Федерации - представителя от исполнительного органа государственной власти Кабардино-Балкарской Республики (далее - кандидатура для наделения полномочиями члена Совета Федерации):

1) фамилия, имя, отчество;

2) дата рождения;

3) наименование субъекта Российской Федерации, района, города, иного населенного пункта, где находится место жительства данного лица;

